# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु रांची हवाई अड्डा से वीडियो कांफ्रेस के जरिये टाटानगर पटना के लेके छह वंदे भारत रेलगड़ियन के हरियर झंडी देखा के रवाना कईलैं। पहिले येह रेलगड़ियन के जमशेदपुर से रवाना कइले क कार्यक्रम रहे। येह रेलगड़ियन में देवघर के वाराणीसे सो जोड़े वाले वंदे भारत ट्रेन भी सामिल बा। ई ट्रेन देवघर से चली के आजु राति वाराणसी पहुंचि जाई।

प्रधानमंत्री वीडियो कांफ्रेस के जरिये जनसभा के संबोधित कईलैं। उहां के कहलीं कि वंदे भारत रेलगड़यिन के चलले से झारखंड आ पड़ोसी राज्यन के लेके देस के पूर्वी इलाकन में आर्थिक आ सांस्कृतिक गतिविधियन में तेजी आई।

बिहने आगरा कैंट से वाराणसी बदे एगो अउरियो वंदे भारत ट्रेन का उद्घाटन होई। ई ट्रेन बिहने संझा वाराणसी पहुंची, जहवां एकरे स्वागत क तइयारी कइल जा रहल हौ।

**********

गोरखपुर में महंत दिग्विजयनाथ के पचपनवीं आ महंत अवेद्यनाथ के दसवीं पुण्यतिथि सप्ताह समारोह के तहत आजु लोकतंत्र की जननी है भारत विषय पर सम्मेलन आयोजित कइल गइल। कार्यक्रम के मुख्य अतिथि और राज्य सभा कै उप सभापति हरिवंश नारायण सिंह कहलें कि लोकतंत्र के संस्कार पांच हजार बरिस पुरान भारतीय मूल्यन से गढ़ल गइल हवें। सही माइना में भारतीय मूल्यन आ संस्कारने से लोकतंत्र चलि रहलि हौ।

कार्यक्रम क अध्यक्षता करत प्रदेस के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि भारतीय सभ्यता आ संस्कृति प्राचीन काल से अर्वाचीन काल ले लोकतांत्रिक मूल्यन से भरल रहल हौ।

येहसे पहलि मुख्यमंत्री गोरखनाथ मंदिर में भइल जनता दर्सन कार्यक्रम में लोगिन क समस्या सुनलीं। उहां के अधिकारियन से कहलीं कि जनता के समस्या क स्थायी समाधान नियत समय में कइल जाए। सथहीं ओह लोगिन क फीडबैको लिहल जाए।

मुख्यमंत्री आजु बहराइच जाके भेडिया पीड़ित परिवारनों से मुलाकात कइलें।

**********

प्रदेस के मेरठ जिला क लोहिया नगर थाना इलाका के जाकिर कॉलोनी में काल्हि संझा तीन मंजिला इमारत गिरले से ओकरे मलबा में दबि के दस जने के मउति हो गईल। दुर्घटना के बादे पुलिस, एनडीआरएफ आ एसडीआरएफ के सहजोग से सुरु भइल राहत आ बचाव अभियान आजु भिन्नही पूरा कई लिहल गइल। दुर्घटना में घाही पांच लोगिन के इलाज बदे अस्पताले में भर्ती करा दिहल गईल हौ। मरे वालन में एगो छोट लइकनी आ दुई गो किसोर सामिल हउवें। मेरठ क जिला मजिस्ट्रेट दीपक मीना बतउलें कि घटना के समय मकानि में पनरह जने मौजूद रहलें। प्रभावित परिवारन के दैवीय आपदा मद से प्रत्येक मृतक चार लाख रुपया आर्थिक सहायता देहले क प्रक्रिया सुरू कई दिहल गइल हौ।

**********

प्रदेस सरकार एक दर्जन से बेसी पीसीएस अधिकरियन क तबादला कइ दिहले हवे। पूर्वी उत्तर प्रदेस के कुछु जिलनों में नया पीसीएस अधिकारी तैनात कइल गइल हवें। महेंद्र कुमार श्रीवास्तव के राज्य चीनी निगम मुंडेरवा क एमडी बनावल गइल बा। वाराणसी मंडल के आयुक्त पद क जिम्मेवारी राकेश कुमार गुप्ता के, ओहीं अतिरिक्त आयुक्त पद के जिम्मेवारी सुभाष चंद्र यादव के मिलिल हौ। अजय कुमार तिवारी वाराणसी जिला क सीआरओ बनावल गइल हवें। शमशाद हुसैन के आजमगढ़ मंडल के अपर आयुक्त पद पर तैनाती मिलिल हौ।

**********

पूर्वी उत्तर प्रदेस के कई जिलन में गन्ना क उत्पादकता आ किसानन क आय बढ़वले बदे ग्यारह हजार नौ सौ चौबीस कुंतल बीज आवंटित कइल गइल हौ। कुशीनगर जिला के गेंदा सिंह गन्न प्रजनन आ अनुसंधान संस्थान के संयुक्त निदेशक डॉ सुभाष सिंह ई जनकारी दिहलें। ऊ बतवलें कि गोरखपुर, देवरिया, महराजगंज, बस्ती, सिद्धार्थनगर, मऊ, बलिया, आजमगढ़, गोंडा, बलरामपुर आ बहराइच के लेके कुलि बारह जिलन खातिर इ बीच आवंटित भइल बाटे। येहमें जल्दीये पके वाले गन्ना के चारि गो प्रजतियो सामिल हौ।

**********

पछिला दिनन में भइल बरखा आ बंधा से पानी छोड़ल गइले के नाते पूर्वी उत्तर प्रदेस के देवरिया, बस्ती, बलिया, बहराइच आ गोंडा के लेके कुलि अठारह जिला बाढ़ि से परभावित बाटें। येह बिच्चे आजु प्रदेस के कई जिलन में हलुकाहे से लेके मध्यम अउरि कहीं कहीं तेज बरखा भइल। गोरखपुर आ एकरे आसपास के जिलन में दिन्ने में थोड़ा देरि खातिर बादल छवले रहे, बाकि दिन के मौसम साफ रहल। मौसम विभाग अगिला अड़तालिस घंटा के भीत्तर प्रदेस में मध्यम से लेके तेज बरखा क अनुमान जतवले हवे।

**********

भदोही से सपा विधायक जाहिद जमाल बेग आ उनकरे मेहरारू सीमा बेग के खिलाफ कोतवाली पुलिस मुकदमा दरज कइले हौ। ओहवां क पुलिस अधीक्ष डॉ मीनाक्षी कात्यायन के हिसाबि से किसोर युवतियन से उनकरे मरजी के खिलाफ घरेलू कामकाज करववले आ येह परिस्थितियन से तंग आके एगो युवती द्वारा आत्महत्या कइले के मामिला में मोकदमा दरज कइल गइल हौ। विधायक आ उनकरे मेहरारू पर आत्महत्या खातिर दुष्प्रेरित कइले के धारा के लेके कई गो अउरियो धारा में मोकदिमा दरज कइल गइल हौ।

**********